socc day laabal gémmeñ di gërëmloo Boroom bi

Jële nañu ci Aysa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónent Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «socc day laabal gémmeñ di gërëmloo Boroom bi».
[Wér na] [An-nasaa'iy soloo na ko, ak Ahmat]

Yónent bi day xamle ne setal ay bëñ ci bantu garabu Araag ak lu ko niru, day laabal gémmiñ ci ay tilim-tilim ak xet yu bon yi, Waaye daa bokk ci sabab yiy tax Yàlla gërëm jaamam bi; ndax topp Yàlla ak wuyu ay ndigalam moo ci nekk, ak li ci nekk ci sett gi nga xam ne Yàlla da koo bëgg.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3588